

# Deklarasyon Dwa pou Keson Swen Sante Seksyèl ak Repwodiktif nan Vil New York

Nan Vil New York (NYC) ou gen dwa pou gen aksè nan swen sante seksyèl ak repwodiktif, san wete avòtman. Ou gen dwa sa yo pandan w nan Vil New York, kèlkeswa kote w ap viv la.

Lè w ap chèche sèvis sante seksyèl ak repwodiktif nan NYC, ou gen dwa ki vin apre yo:

- 1** Resevwa sèvis ki vin apre yo san notifikasyon oswa konsantman paran w:

  - Avòtman, san wete avòtman grasa medikaman, pifò plan asirans yo (san wete Medicaid) dwe garanti, epi ki kapab gen yon èd finansyè ki disponib si w pa gen asirans oswa w pa gen ase asirans;
  - Jesyon fos kouch, san wete jesyon fos kouch grasa medikaman;
  - Planin ak kontrasepsyón an ijans, pifò plan asirans yo (san wete Medicaid) dwe garanti san okenn frè pou pasyan yo;
  - Swen sante seksyèl, san wete tès depistaj, sèvis tretman ak prevansyon pou VIH ak lòt enfeksyon moun pran nan fè sèks;
  - Swen pandan gwozès ak apre akouchman, pifò plan asirans yo (san wete Medicaid) dwe garanti;
  - Swen konsekatif pou yon twomatis, san wete vyolans seksyèl ak vyolans yon patnè entim fè.
- 2** Pou yo pa fòse, fè menas fòse oswa fè obstriksyon fizik lè w ap eseye jwenn swen sante repwodiktif;
- 3** Mande pwofesyonèl swen sante w la enfòmasyon sou sante seksyèl ak sante repwodiktif;
- 4** Resevwa enfòmasyon sou pratik ak pwosedi akouchman nan lopital oswa sant akouchman yo lè w ansent;
- 5** Resevwa tout enfòmasyon ou bezwen pou bay konsantman reflechi pou nenpòt pwosedi oswa tretman ki pa ijan, san wete enfòmasyon sou risk ak avantaj yo;
- 6** Chwazi oswa refize nenpòt pwosedi oswa tretman;
- 7** Chwazi moun ki ap pran desizyon pou ou nan keson swen sante seksyèl ak sante repwodiktif si w pa kapab fè sa;
- 8** Pou yo respekte vi prive w ak konfidansyalite swen medikal ou;
- 9** Pou yo trete w avèk konsiderasyon, respè ak diyite nan yon anviwònan ki pwòp epi sekirize, san okenn kontrent ki pa nesesè;
- 10** Gen aksè nan swen sante seksyèl ak sante repwodiktif, san wete avòtman, nan NYC Sexual Health Clinics ak NYC Health + Hospitals etablisman yo si w pa gen papye;
- Pou plis enfòmasyon sou asirans sante ak swen pou imigran yo, ale sou [nyc.gov/site/ochia/find-what-fits/immigrants.page](http://nyc.gov/site/ochia/find-what-fits/immigrants.page).
- 11** Pou depoze yon plent pou diskriminasyon ilegal ak asèlman nan travay sou baz desizyon w pran nan keson swen sante seksyèl ak sante repwodiktif, epi pou asèlman nan travay, lojman ak lokal amenajman publik sou baz sèks ou, idantite seksyèl ou, oryantasyon seksyèl ou oswa nenpòt lòt idantite ki pwoteje;
- Si w panse yo te fè diskriminasyon kont ou, kontakte Komisyon NYC sou Dwa Moun lan nan 212-416-0197, repòte anliy nant [nyc.gov/site/cchr/about/report-discrimination.page](http://nyc.gov/site/cchr/about/report-discrimination.page) oswa ale nan biwo Komisyon an.

Deklarasyon Dwa sa a se yon eleman ki enpòtan nan efò NYC ap fè pou rive jwenn jistik seksyèl ak repwodiktif pou tout moun New York yo. Gen jistik seksyèl ak repwodiktif lè tout moun gen pouvwa ak resous ki nesesè pou yo pran bonjan desizyon konsènan kò yo, seksyalite yo ansanm ak repwodiksyon yo. Deklarasyon Dwa sa a pa kreye okenn nouvo dwa ki poko etabli nan lalwa, epi li pa ranplase yon konsèy jiridik. Si w panse yo te vyole dwa w genyen yo, kontakte yon avoka pou jwenn plis konsèy.

Pou aprann plis sou dwa seksyèl ak repwodiksyon ou genyen, ale sou [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health) epi chèche "sexual and reproductive justice" (jistik seksyèl ak repwodiktif). Pou aprann plis sou dwa w genyen pou yo pa fè diskriminasyon kont ou, ale sou [nyc.gov/humanrights](http://nyc.gov/humanrights). Pou refere w bay yon avoka, rele sèvis oryantasyon jiridik Bawo NYC a nan 212-626-7373 oswa ale sou [nycbar.org](http://nycbar.org).

